

OPÒTINITE EGAL SE LALWA

Li ò lalwa pou benefisyè asistans finansye Federal sa a diskrimine sou baz sa yo: kont nenpòt endividi Ozetazini, sou baz ras, koulè, relijyon, sèks (sa enkli gwosès, akouchman, ak kondisyon medikal ki gen rapò ak bagay sa yo, stereyotip sèks, estati kòm moun transèksyèl, ak idantite sèks), orijin nasyonal (sa enkli metriz limite ak lang Anglè), laj, andikap, oswa afilyasyon oubyen kwayans politik, oubyen, kont kèlkeswa benefisyè, kandida, oswa patisipan nan pwogram ki jwenn asistans finansye anba Tit I nan Lalwa sou Inovasyon ak Opòtinite Mendèv la, sou baz estati sitwayènte endividi a oubyen patisipasyon li nan nenpòt pwogram oubyen aktivite WIOA Tit I ki resevwa asistans finansye.

Benefisyè a pa dwe diskrimine nan nenpòt nan domèn swivi yo: deside ki moun yo pral admèt, oubyen ki pral genyen aksè, nan nenpòt pwogram oubyen aktivite WIOA Tit I ki resevwa asistans finansye; founi opòtinite nan, oubyen trete nenpòt moun avèk regad ak, yon pwogram oubyen aktivite konsa; oubyen pran desizyon anplwa nan administrasyon, oubyen an koneksyon avèk, yon pwogram oubyen aktivite konsa.

Benefisyè asistans federal yo dwe pran etap rezonab pou asire kominikasyon avèk endividi ki gen andikap yo osi efikas ak kominikasyon ak lòt moun. Sa a vle di, sou demann epi gratis pou endividi a, benefisyè yo oblije founi èd ak sèvis oksilyè pou endividi ki gen andikap ki kalifye yo.

KISA POU W FÈ SI W KWÈ OU TE SIBI DISKRIMINASYON

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon anba yon pwogram oubyen aktivite WIOA Tit I ki resevwa asistans finansye, ou kapab depoze yon plent anvan 180 jou depi dat vyolasyon akize a devan swa: Ofisye Opòtinite Egal benefisyè a (oubyen moun benefisyè a te deziyen pou objektif sa a);

Jody Robinson, Ofisye EO, 4600 Washington Ave Suite 113 Evansville, IN 47714 812-424-4473, oubyen

Director, Civil Rights Center (CRC), U.S. Department of Labor

200 Constitution Avenue NW, Room N-4123, Washington, DC 20210

oubyen elektwonikman jan yo detaye sou sit entènèt CRC a sou www.dol.gov/crc.

Si w depoze plent ou ak benefisyè a, fòk ou tann swa jiskaske benefisyè a emèt yon Avi sou Aksyon Final alekri, oubyen jiskaske 90 jou fin pase (sa ki rive anvan an), anvan w depoze avèk Sant Dwa Sivil la (gade adrès la anwo a). Si benefisyè a pa ba w yon Avi sou Aksyon Final alekri anvan 90 jou depi jou ou te depoze plent ou an, ou kapab depoze yon plent avèk CRC anvan w resevwa Avi sa. Sepandan, fòk ou depoze plent CRC ou anvan 30 jou depi dat limit 90 jou a (sa vle di, anvan 120 jou apre jou kote w te depoze plent ou ak benefisyè a). Si benefisyè a ba w yon Avi sou Aksyon Final alekri pou plent ou, men w pa satisfè avèk desizyon an oubyen rezolisyon an, ou kapab depoze yon plent ak CRC. Fòk ou depoze plent CRC ou anvan 30 jou depi dat ou te resevwa Avi sou Aksyon Final la.